

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

EGZAMEN TRANZISYON POU ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL — NIVO 10

Jedi 23 janvyè 2020 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 30 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–30): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.



Sous: Mountain High Maps (adapte)

- 1 Ki deklarasyon sou topografi enfòmasyon yo montre nan kat jewografik la pi byen sipòte?
- (1) Paraguay genyen divès fòm teren.
 - (2) Chili domine ak rejyon plat, fètil yo.
 - (3) Brezil gen plizyè zòn jewografik distenk.
 - (4) Llanos yo sitiye nan Ajantin.

- 2 • Sous istorik yo kapab genyen prejije oswa pozisyon.
 - Kwayans ak valè moun yo afekte pèspektiv yo.
 - Nouvo enfòmasyon kapab afekte konpreyansyon anvan yo sou istwa.

Deklarasyon sa yo pi byen demontre

- (1) nati entèpretatif istwa
- (2) fason istwa fason kwayans relijye yo
- (3) bezwen pou dekouraje panse endepandan
- (4) efè divèsite kiltirèl yo

3 **“Sant Apèl Sèvis Kliyantèl Ouvri nan New Delhi”
“Nike Etann Pwodiksyon nan Endonezi”
“Veyikil Toyota yo Asanble nan Tennessee”**

Ki konsèp gran tit sa yo reflète?

- | | |
|-------------------|---------------------|
| (1) nasyonalis | (3) kolonyalis |
| (2) globalizasyon | (4) ekstrateryalite |

4 Ide Montesquieu, Rousseau, ak Voltaire yo pi asosye avèk

- (1) Kongrè Vyèn nan
- (2) Revolisyon Syantifik
- (3) Syèk Limyè
- (4) inifikasyon Itali

5 Ki travay ki asosye kòrèkteman ak otè li a?

- (1) *Communist Manifesto (Manifès Kominis)* – Otto von Bismarck
- (2) *The Wealth of Nations (Richès Nasyon yo)* – Adam Smith
- (3) *Essay on the Principles of Population (Redaksyon sou Prensip Popilasyon)* – Galileo Galilei
- (4) *Two Treatises of Government (De Trete sou Gouvènman)* – Charles Darwin

6 Simón Bolívar, José de San Martín, ak Toussaint L'Ouverture se lidè yo ki te mennen

- (1) revòlt esklav yo
- (2) mouvman endepandan yo
- (3) gouvènman reprezantatif yo
- (4) manifestasyon non-vyolan yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7.

. . . Si fòs gouvènman popilè nan tan lapè se vèti, fòs gouvènman popilè nan revolisyon se ni vèti ak laterè; laterè san vèti katastwofik, vèti san laterè enpisan. Laterè pa anyen lòt pase jistis rapid, sevè, ak enfleksib; konsa li se yon emanasyon [rasin] vèti; li mwens yon prensip patikilye pase yon konsekans prensip jeneral demokrasi ki aplike ak bezwen ki pi ijan patri a. Yo di ke laterè se fòs gouvènman despòt. Èske pa nou an atò sanble ak despòtis? Wi, kòm epe ki ap briye nan men ewo libète yo sanble ak sila ke satelit tirani yo ame a. Kite despòt la gouvène sijè ki britalize li yo atravè laterè; li gen rezon kòm yon despòt. Soumèt ènmi libète yo atravè laterè epi ou pral gen rezon tankou fondatè Repiblik la yo. Gouvènman revolisyon an se despòtis libète kont tirani. . . .

— Maximilien Robespierre, “Virtue and Terror: Speech to the Convention”, 1794

7 Dapre Robespierre, pandan yon revolisyon li esansyèl pou yon gouvènman gouvène avèk


- (1) laterè pou kontwole sijè yo
- (2) libète pou asire dwa sitwayen yo
- (3) jistis pou pwomouvwa lapè
- (4) sansi pou kontwole medya yo

8 Pandan fen ane 1800 yo ak kòmansman ane 1900 yo, ki sitiyaasyon ki te plis enfluyansé kwasans mouvman nasyonalis Slav yo nan rejyon Balkan an?

- (1) bès Anpi Ottoman lan
- (2) kwasans fachis nan Almay
- (3) koripsyon andedan gouvènman za Ris lan
- (4) fòmasyon Lig Mizilman nan Lend

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9.

Manda Lig Nasyon yo



Sous: Albert Hourani, *A History of the Arab Peoples*, The Belknap Press of Harvard University Press (adapte)

9 Manda Lig Nasyon yo montre sou kat jewografik sa a te fè pati ki anpi anvan Premyè Gè Mondyal la?

- (1) Ostwo-Ongwa
- (2) Alman
- (3) Ris
- (4) Ottoman

10 Kisa ki te yon (1) rezon nivodvi a te amelyore pou anpil Ewopeyen yo nan fen ane 1800 yo?

- (1) Gouvènman yo te redistribiye richès egal ego andedan klas ouvriye a.
- (2) Epidemi ak peryòd grangou yo te elimine sipli popilasyon an.
- (3) Kontwòl salè ak pri yo te anpeche enflasyon.
- (4) Endistriyalizasyon te kreye plis travay ak mache.

11 Ki sijè ki te fokalizasyon diskisyon nan Konferans Bèlen (1884–1885) an?

- (1) etann wòl pisans Ewopeyen yo nan Amerik Latin
- (2) divize Afrik
- (3) akòde otodetèminasyon ak koloni yo
- (4) limite eksplorasyon ak rechèch syantifik nan teritwa kolonyal yo

12 Mitinri Sepòy la, Gè Boyè, ak Gè Opyòm yo tout asosye avèk

- (1) enperyalis Britanik
- (2) kolonizasyon Fransèz
- (3) endistriyalizasyon Alman
- (4) militaris Ris

13 Konstriksyon ray tren ak liy telegraf yo ant Yokohama ak Tokyo epi etablisman yon bank nasyonal te aksyon gouvènman Meiji Japon an te pran prensipalman pou

- (1) modènize ekonomi an
- (2) elimine kolaborasyon etranje
- (3) limite migrasyon iben pou riral
- (4) ogmante pouvwa klas samouray la

- 14 • Sèbi resevwa yon iltimatòm.
 • Larisi sipòte Sèbi.
 • Almay mobilize twoup li yo.

Evènman sa yo te mennen pi dirèkteman nan

- (1) defèt Kemal Atäturk
- (2) inifikasyon Almay
- (3) eklatman Premyè Gè Mondyal
- (4) fen Dezyèm Gè Mondyal

- 15 Yon (1) fason kote disip Ghandi yo te sible espesyalman ekonomi Britanik lan te

- (1) etabli Kongrè Nasyonal Endyen an
- (2) òganize yon manifestasyon nan Amritsar
- (3) jene nan prizon
- (4) bòykote tekstil ki enpòte yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 ak 17.

Atik 1

1. Soti 1e Janvyè 1939, yo te entèdi Jwif yo jere boutik an detay yo, sosyete vant pa korespondans yo, ak pratik sendika endepandan yo.
2. Anplis, yo te entèdi Jwif yo apati menm dat la pou ofri byen oswa sèvis nan mache tout kalite, fwa oswa ekpozisyon yo oswa pou fè piblisite pou yo oswa aksepte kòmman pou yo.
3. Lapolis pral fèmen boutik jwif yo ki fonksyone an vyolasyon ak lòd sa a. . . .

- 16 Ki konsèp ki pi byen montre nan pasaj sa a?

- (1) divèsite
- (2) tolerans
- (3) anti-Semitis
- (4) emansipasyon

- 17 Ki dokiman, ki ekri apre Dezyèm Gè Mondyal, ki kondane espesyalman kalite aksyon sa yo?

- (1) Diskou Rido Fè Winston Churchill lan
- (2) Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun Yo
- (3) Chat Kominote Ekonomik Ewopeyèn
- (4) Pak Vasovi

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18.

. . . Pandan plizyè syèk, Ewopeyen yo te domine kontinan Afriken an. Lòd blan an te awoje [reklame] pou limenm dwa pou gouvèn ak pou moun ki pa blan yo obeyi li; misyon li, li reklame se te pou “sivilize” Afrik. Anba manto sa a, Ewopeyen yo te vòlè kontinan an gwo richès yo epi yo te enflije soufrans inimajinab sou pèp Afriken an. . . .

— Kwame Nkrumah, 1961

- 18 Baze sou sitasyon sa a, ki deklarasyon Kwame Nkrumah ta gen plis chans sipòte?

- (1) Eta endepandan Afriken yo ta dwe obeyi direktiv Ewopeyen yo.
- (2) Peyi Afriken yo ta dwe kontinye depann de teknoloji Ewopeyen.
- (3) Ewopeyen yo ta dwe kontwole min mineral Afrik yo.
- (4) Kolonyalis Ewopeyen sou kontinan Afriken an ta dwe rive nan fen li.

- 19 Separasyon Lend Britanik te karakterize pa

- (1) efò yo pou regile gwosè fanmi
- (2) vyolans ant Endou ak Mizilman yo
- (3) negosyasyon pou limite pwodiksyon zam nikleyè yo
- (4) opozisyon ak èd ekonomik ki soti Ozetazini ak Inyon Sovyetik

- 20 Yon rezon gouvènman kominis yo te itilize pou jistifye aplikasyon yon ekonomi planifye se te ke yon ekonomi planifye tap kapab

- (1) ogmante pwodiksyon atik liks yo
- (2) ranfòse sosyete a tout antye
- (3) pwomouvwa entèdepandans jeneral
- (4) rezoud preyokipasyon anviwòmmantral yo

- 21 Itilizasyon pouvwa politik ak militè pa Inyon Sovyetik nan Ongri an 1956 ak nan Tchekoslovaki an 1968 te baze sou yon dezi pou

- (1) ganye kontwòl pò dlo cho yo
- (2) etabli gouvènman demokratik yo
- (3) prezève kontwòl kominis
- (4) repann fwa Kreyen Otodòks Delès yo

- 22 • Relokalize popilasyon iben an
 • Rekòmanse istwa peyi a nan “Ane 0”
 • Fòse peyizan yo travay nan chan yo jiskaske yo te mouri

Politik ki lidè ki te responsab pou aksyon sa yo Khmer Rouge yo te pran?


- (1) Pol Pot (3) Mao Zedong
 (2) Ho Chi Minh (4) Jomo Kenyatta

- 23 Yon objektif manifestasyon 1989 Plas Tyannanmen lan nan Lachin se te

- (1) sekirize endepandans pou rejyon otonòm yo
 (2) devlope yon konstitisyon
 (3) kreye yon kòd lwa inifòm
 (4) ganye refòm demokratik yo

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 24 la.

Nasyonzini nan ane 1990 yo



Sous: Burton F. Beers, *World History: Patterns of civilization*, Prentice Hall (adapte)

- 24 Ki kò Nasyonzini ki responsab dirèkteman pou voye twoup yo nan kriz tankou sila yo ki te rive nan ane 1990 yo nan Balkan yo ak nan Rwanda?


- (1) Konsèy Titèl (3) Konsèy Sekirite
 (2) Sekretarya (4) Tribinal Jistis Entènasyonal

- 25 • Ensatisfaksyon jeneral avèk pratik kominis yo
- Estagnasyon biwokratik andedan gouvènman kominis lan
 - Mank byen disponib akòz inefikasite ekonomik yo
 - Demann pou endepandans pa diferan nasyonalite yo

Ki evènman istorik sitiyasyon sa yo te lakòz?

- (1) Revolisyon Ayatollah Khomeini an nan Iran
- (2) Eleksyon Aung San Suu Kyi a pou palman Burma a
- (3) retou Hong Kong anba kontwòl Chinwa
- (4) separasyon Inyon Sovyetik

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 26.



Sous: Victor Ndula, *Nairobi Star*, December 7, 2009

26 Desinatè sa a preyokipe prensipalman avèk kesyon

- | | |
|-----------------------|-------------------------|
| (1) zam chimik yo | (3) espès ki andanje yo |
| (2) rechofman planetè | (4) moun deplase yo |

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.



Sous: Mike Keefe, *Denver Post*, May 31, 2006

27 Kisa ide prensipal desen ane 2006 sa a ye?

- (1) Nasyon Oksidantal yo anvi asiste pèp Dafou a.
- (2) Pifò peyi yo pa te rive konprann sitiyasyon an nan Dafou.
- (3) Dafou pral atire atansyon sèlman si li benefisye ekonomikman lòt rejyon yo.
- (4) Pèp Dafou a ap itilize teknoloji Oksidantal la pou aksede ak resous natirèl yo.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28.

. . . Afrik pat eksperimente yon revolisyon ekolojik. Afrik Twopikal manke plèn inondab masif ki fasilite irigasyon angwo kantite ak bon mache ke nou jwenn an Azi a. Epi tou, dlo lapli li trè varyab, epi agrikiltè apovri yo pa kapab achte angrè. Rechèch inisyèl Revolisyon Ekolojik la te prezante rekòt, espesyalman plantasyon diri ak ble, ke yo pa kiltive anpil an Afrik (yo te devlope varyete ak gwo ranman ki apwopriye yo nan ane resan yo, men yo pako disemine [distribiye] yo sifzaman). Pwodiksyon manje pa moun kontinan an aktyèlman ap bese, epi rasyon kalorifik Afriken an pi ba nan monn lan; ensekirite alimantè andemik [jeneral]. Fòs travay li a rete atache [lye] ak agrikilti sibstans. . . .

Sous: Jeffrey Sachs, "Can Extreme Poverty Be Eliminated?," *Scientific American*, 2005

28 Baze sou pasaj sa a, ki deklarasyon ki pi byen eksplike poukisa Revolisyon Ekolojik la genyen ti enpak sou Afrik?

- (1) Pwojè irigasyon angwo kantite yo te apovri agrikiltè Afriken yo.
- (2) Mendèv riral Afrik la gen yon rasyon kalorifik ba.
- (3) Afrik kiltive plis plantasyon diri ak ble.
- (4) Yo te inyore faktè jewografik yo nan Afrik.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29 ak 30.

. . . "Sipò Etazini pou Tibet nan ane 1950 yo", Dali Lama a te di mwen, "pat poutèt prensip moral oswa senpati men akòz politik anti-Kominis mondyal li yo". Sipò ameriken te, jan li te ekri nan otobiyografi li a, "reflè politik anti-Kominis yo olye de sipò sensè pou restorasyon endepandans Tibeten an." . . .

Sous: Thomas Laird, *The Story of Tibet: Conversations with the Dalai Lama*, Grove, 2006

29 Ki evènman ki reflète nan pasaj sa a?

- | | |
|--------------------|-----------------------|
| (1) Rebelyon Boxer | (3) Dezyèm Gè Mondyal |
| (2) Gè Sino-Japonè | (4) Lagè Fwad |

30 Pasaj sa a gen plis chans reprezante pèspektiv lidè ki soti

- | | |
|--------------------|----------------|
| (1) Tibet | (3) Etazini |
| (2) Lachin Kominis | (4) Nasyonzini |

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan ti liv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

(a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”

(b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante an detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Jewografi Imen ak Sistèm Fizik

Soti nan ane 1700 yo jiska kounye a, karakteristik jewografik yo te enfluyans devlopman anpi yo, peyi yo, ak rejyon yo. Karakteristik jewografik yo te pwomouvwa ak limite entèaksyon avèk lòt anpi yo, peyi yo, ak rejyon yo. Entèaksyon sa yo gen ladan komès, ekspansyon, kolonizasyon, èd, ak gè.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** karakteristik jewografik diferan ki te enfluyans devlopman ant ane 1700 yo ak kounye a pou **chak**

- Dekri fason karakteristik jewografik sa a te enfluyans devlopman yon anpi, peyi, oswa rejyon espesifik
- Diskite fason karakteristik jewografik sa a te pwomouvwa **ak/oswa** limite entèaksyon anpi, peyi, oswa rejyon sa a avèk *yon lòt* anpi, peyi, oswa rejyon

Ou ka itilize nenpòt karakteristik jewografik ki soti nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou gendwa konsidere gen ladan pozisyon Lafrans sou Gran Plèn Nò Ewopeyen an, bon pò yo nan Grann Bretay, klima fwèt nan Larisi, mank resous endistriyèl yo nan Japon, forè twopikal Amazòn nan Brezil, petwòl nan Mwayennoryan, dèlta ak altitud ba rivyè Ganges ak Brahmaputra yo nan Bangladèch, konstriksyon Kanal Suez la, ak konstriksyon mi Bèlen an.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize yon karakteristik jewografik andedan Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nennpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik:

Revolisyon Ris 1917 yo te rive akòz gouvènman an pat rive satisfè bezwen pèp li a. Kòm rezilta, moun yo ak gwoup yo te pran aksyon an repons ak echèk gouvènman yo. Kèk nan aksyon sa yo te mennen chanjman dezire yo epi lòt pat fè sa.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

- Diskite fason gouvènman Ris lan pat rive satisfè bezwen pèp li a
- Dekri aksyon moun *ak/oswa* gwoup yo te pran pou adrese echèk gouvènman yo nan Larisi
- Diskite nan ki mezi Larisi te chanje kòm rezilta Revolisyon Ris yo

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:


- (a) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante an detay”
- (b) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



Sous: Victoria Sherrow, *Life During the Russian Revolution*, Lucent Books (adapte)

1 Baze sou enfòmasyon yo montre nan kat jwografik sa a, kisa ki te **yon (1)** pwoblèm gouvènman Ris la te fè fas ant 1905 ak 1906? [1]

Score

Dokiman 2

. . . Nicholas II, dènnye za a, te mete tèt li nan doub danje. Li te seryezman bloke ak annwiye eleman emèjan sosyete sivil yo: pati politik yo, asosyasyon pwofesyonèl yo ak sendika travayè yo. Men tou li te sispann eseye siprime yo totalman. Rezilta a se te yon defi konstan pou rejim zaris la. Transfòmasyon sosyal ak ekonomik lan anvan Premyè Gè Mondyal la senplemen te ajoute sou pwoblèm yo. Li konpreyansib ke gwoup sa yo nan sosyete a ki te sibi apovrisman te ostil ak otorite yo. Lòt gwoup yo te pwofite amelyorasyon nan kondisyon materyèl yo; men plizyè nan yo, tou, te poze yon danje piske yo te santi yo fwistre akòz nati lòd politik la. Se te nan sitiyaasyon sa a ke Gran Gè a te eklate epi li te ranvèse rès poto [sipò] rejim lan. Rezilta a se te Revolisyon Fevriye* 1917 lan nan sikonstans efondreman ekonomik, boulvèsman administratif ak defèt militè. Yo te bay vantilasyon [vwa] ak yon vag efò lokal yo nan rèy otonòm popilè; epi travayè yo, peyizan ak konskri [rekri] yo atravè anpi a te afime demann yo san anpèchman [obstriksyon]. . . .

Sous: Robert Service, *A History of Twentieth-Century Russia*, Harvard University Press, 1998

*Fevriye nan dokiman sa a reprezante itilizasyon kalandriye Jilyen an. Sou kalandriye Gregoryen an evènman sa a tap rive an Mas jan nou wè sa nan dokiman 4 ak 7a yo.

2 Dapre Robert Service, kisa ki te **yon (1)** pwoblèm Za Nicholas II te fè fas anvan oswa pandan Premyè Gè Mondyal? [1]

Score

Dokiman 3

Larisi te antre nan Premyè Gè Mondyal an 1914.

. . .Se yon erè pou atribye Revolisyon Fevriye [1917] la ak fatig avèk gè [Premyè Gè Mondyal] a. Kontrè a vrè. Ris yo te vle pouswiv gè a pi efikasman, epi yo te santi ke gouvènman ki egziste a [pa Za Nicholas II a] pat kapab fè sa, ke estrikti politik ki egziste yo te gen bezwen yon gwo reyòganizasyon: retire zarin delwayal la epi kite Douma a nome minis yo, apresa Larisi pral reyèlman kapab konbat kòrèkteman pou epi genyen. Fatig avèk gè a te etabli sèlman apre ofansiv san siksè Jen 1917 Gouvènman Pwovizwa a te lanse pou ankouraje prestij li epi remonte moral nasyonal la. Jiska lè sa a, menm Bòlchevik yo pat oze ouvètman mande lapè paske sa te yon slogan trè enpopilè. . . .

Deteryorasyon transpò a pandan Premyè Gè Mondyal la te kontribye nan mekontantman popilasyon iben an akòz li te ralanti seryezman livrezon manje ak kabiran nan vil nò yo, kote revòlt pou manje yo te kòmanse. Enflasyon nan vil yo te jwe wòl pa li tou. . . .

Sous: Richard Pipes, *Three "Whys" of the Russian Revolution*, Vintage Books, 1997

3 Dapre Richard Pipes, kisa ki te **yon** (1) rezon pèp Ris la te kwè gouvènman Za Nicholas II a te inefikas? [1]

Score

Dokiman 4

15 Mas 1917 za a te abdike epi Gouvènman Pwovizwa a anba Prens Lvov te pran pouvwa a.

. . . Nouvo Gouvènman Pwovizwa a te domine pa Demokrat Konstitisyonèl yo oswa Kadè yo, yon pati ki te swete etabli yon gouvènman demokratik nan Larisi ki sanble ak pa Grann Bretay la. Chèf Gouvènman Pwovizwa a se te Prens Lvov, yon aristokrat ak kapasite medyòk. Rejim Kadè a, ki te wè tèt li kòm yon gouvènman enterimè ki ap sèvi jiskaske yo te kapab òganize eleksyon yo, te pouswiv yon politik pa fè anyen. Pandan uit (8) mwa gouvènman sa a pat fè anpil bagay pou restore lwa ak lòd oswa fennen dezintegrasyon ekonomi nasyon an. Alòske li te bezwen yon lidèchip solid nan moman kriz sa a, Larisi te twouve li avèk yon gouvènman pi fèb pase pa za a. . . .

Anba pi bon kondisyon yo, gouvènman Lvov la pat kapab rezoud rapidman pwoblèm yo ki te ravaje Larisi pandan plizyè syèk yo. Pami peyizan yo prensipal demann lan se te pou refòm agrè. Pandan plizyè syèk yo te reve posede pwòp tè pa yo, epi revolisyon an te ba yo espwa ke rev sa a tap vini yon reyalyte. Men sa ki pi bon Gouvènman Pwovizwa a te kapab fè se te refere pwoblèm lan bay konvansyon konstitisyonèl ki te pwopoze a. Lè li deside pou kenbe Larisi nan gè a, nouvo gouvènman an te pèdi konfyans sòlda ak sivil yo ki te bouke ak gè a. Pèp Ris la pat janm viv byen, epi kounye a yo tap soufri plis pase jamè. . . .

Sous: Michael Kublin, et al., *Russia*, Third Edition, Houghton Mifflin Company, 1990

4 Dapre Michael Kublin et al., kisa ki te **yon (1)** rezon pèp Ris la tap konsidere Gouvènman Pwovizwa a anba Prens Lvov te inefikas? [1]

Score

Dokiman 5

An Jiyè 1917 Alexander Kerensky te vini lidè Gouvènman Pwovizwa a. Kèk evènman kle 25 ak 26 Oktòb* 1917 te mennen nan chit Gouvènman Pwovizwa Kerensky ak Mensheviks yo tap dirije a.

- **Minwi jiska 2:00 AM:** Toupatou nan Petrograd, twoup ak travayè ki te sipòte Bòlchevik yo te kòmanse sezi pon yo, estasyon ray tren yo, santral telefonik yo, santral elektrik yo, bank yo, ak biwo lapòs vil la. . . .
- **Mitan jounen:** Twoup Bòlchevik yo te sezi Palè Marinsky a, Syèj Prepalman an, yon kò gouvènman ki te etabli apre Revolisyon Fevriye a jiskaske yo ta eli yon palman lejitim nan plas li. Andedan Palè Winter a, nouvèl depa Kerensky a te lakòz panik jeneral. Rès minis Gouvènman Pwovizwa a te rankontre nan Malachite Hall la pou diskite yon tou dènye defans. . . .
- **6:50 PM:** Bòlchevik yo te pibliye yon ultimatum bay Palè Winter a, ki mande Gouvènman Pwovizwa a pou kapitle. Yo te prezante li bay minis yo ki te apèn chita pou dine borscht (yon tip soup bètrav), filè pwason, ak aticho. Toujou pa sèten sou ki lè Kerensky tap retounen avèk èd, epi inyoran konsènan pwòp feblès rizib yo, yo te deside eseye reziste. . . .
- **Minwi:** Kòm zam tap detone deyò Kongrè Sovyetik la, Mensheviks ak Revolisyonè Sosyal yo te mande ke konba a sispann tout swit. Aksyon sa yo, ke yo te predi kòrèkteman an, tap baskile Larisi nan gè sivil. Bòlchevik yo te refize tande yo. Opozan yo [Mensheviks ak lòt yo] te mache ale deyò, kòm Trotsky te livre youn nan destitisyon ki pi selèb nan istwa. Lenin te minen opozan li yo yon fason entèlijan, sa ki kite Bòlchevik yo an kontwòl total Sovyetik yo. . . .

Sous: Paul Dowswell, *The Russian Revolution, October 25, 1917*, Raintree, 2004 (adapte)

*Oktòb nan dokiman sa a reprezante itilizasyon kalandriye Jilyen an. Nan kalandriye Gregoryen an evènman sa a tap rive an Novanm jan nou wè sa nan dokiman 6 ak 7a yo.

5a Dapre Paul Dowswell, kisa ki te **yon (1)** aksyon Bòlchevik yo oswa sipòtè yo te pran an 1917 pou retire opozan yo sou pouvwa? [1]

Score

b Dapre Paul Dowswell, kisa ki te **yon (1)** preyokipasyon Mensheviks yo ak Revolisyonè Sosyal yo te sòlve konsènan konba a? [1]

Score

Dokiman 6

Aprè Revolisyon Novanm 1917 la, Bòlchevik yo te etabli Sovnarkom lan kòm kò pou fè lwa.

. . . Pwomès yo. . .

Pandan premye ivè li nan pouvwa Sovnarkom [Komisè Konsèy Pèp la] te entwodwi yon seri dekrè, oswa lwa etonaman anbisyè. Premyèman, jan sa te pwomèt, Lenin te anonse ke Larisi tap retire li nan Premyè Gè Mondyal la, Dezyèmman, Dekrè sou Tè a te pran tout tè noblès ak Legliz Òtodòks Ris te posede a, epi li te remèt li bay peyizan yo.

Yo te pwomèt lekòl gratis pou tout timoun, epi kounye a yo te konsidere fanm yo egal ak gason yo. Tout tit te aboli eksepte “sitwayen” ak “kamarad”; pa tap genyen ankò ni prens oswa dik. Longè maksimòm jounen travay la te redwi ak uit (8) èdtan. Yo te dwe bay nasyon minoritè Anpi Ris yo, tankou Ikrèn ak Jòji plis kontwòl sou pwòp zafè pa yo. Mezi sa yo, epi pa konkèt pouvwa a, te fè revolisyon reyèl la. . . .

Sous: David Downing, *Vladimir Ilyich Lenin*, Heinemann Library, 2002

6 Dapre David Downing, kisa ki te **yon (1)** fason lwa oswa mezi Sovnarkom lan te dekrete yo te eseye adrese inegalite nan Larisi yo? [1]

Score

Dokiman 7a

Lenin te sezi pouvwa an Novanm 1917. Bòlchevik yo te fè fas ak yon travay enòm nan eseye restore nivo pwodiksyon ak sila yo te atenn an 1913 pandan rèy Za Nicholas II a. Premyè Gè Mondyal, revolisyon Mas 1917 ak Novanm 1917 yo, ak gè sivil soti 1918 jiska 1921 te gen yon enpak sou pwodiksyon.

An 1921, Lenin te abandone Gè Kominis [1918–1921] lan epi li te entwodwi Nouvo Politik Ekonomik (New Economic Policy, NEP) [1921–1924] lan. Sa te redwi kontwòl gouvènman an sou ekonomi an. Yo te otorize kèk moun travay pou tèt yo epi fè yon pwofi, olye pou travay dirèkteman pou eta a. Nouvo politik la te vize ankouraje ekonomi an epi retire opozisyon travayè ak peyizan yo pou rèy kominis la nan apeze pwoblèm yo.

Sous: Philip Ingram, *Russia and the USSR 1905–1991*, Cambridge University Press, 1997

Dokiman 7b

Nivo Pwodiksyon Larisi/URSS yo

	Za	Gè Kominis				Nouvo Politik Ekonomik		
Pwodwi	1913	1918	1919	1920	1921	1922	1923	1924
Ble (Milyon tòn metrik)	28	---	---	8.7	5.6	10.6	12.3	13.1
Pòm detè yo (Milyon tòn metrik)	35.9	---	---	20.9	20.6	22.2	34.7	36.2
Chabon Di (Milyon tòn metrik)	28.0	11.5	7.7	6.7	7.5	9.3	10.5	14.6
Asye Brit (Mil tòn metrik)	4 918	402	199	194	220	318	615	993
Enèji Elektrik (Jigawatt èdtan)	2.04	---	---	0.50	0.52	0.78	1.15	1.56

Sous: B.R. Mitchell, *International Historical Statistics: Europe 1750–1988, Third Edition*, Stockton Press, 1992 (adapte)

7 Baze sou pasaj Philip Ingram sa a ak done yo nan tablo a, endike **yon (1)** diferans ant enpak NEP Lenin lan ak enpak Politik Gè Kominis li a sou ekonomi Ris/URSS la. [1]

Score

Dokiman 8

. . .Dapre pozisyon Kominis lan NEP a te yon refij, ak yon rekonsans pasyèl echèk. Anpil Kominis te santi yo pwofondeman dezilizyone: te sanble ke revolisyon an pat chanje anpil bagay. Moskou, kapital Sovyetik la depi 1918 ak syèj Comitè lan, te vini yon vil dinamik ankò nan kòmansman ane NEP yo, byenke selon tout aparans eksteyèr li te toujou Moskou 1913 lan, avèk fanm peyizan yo ki ap vann pòm detè nan mache yo, klòch legliz yo ak prèt ki gen bab yo te ap sèmone fidèl yo, pwostitye yo, mandyan yo ak pikpòkèt yo ki ap travay nan lari ak nan estasyon ray tren yo, chante jitan yo nan nayklèb yo, pòtye an inifòm yo ki ap retire [anlve] kaskèt yo devan noblès la, amatè teyat yo an fouri ak ba swa yo. Nan Moskou sa a, Kominis ki te abiye ak vès an kwi yo te sanble yon sonm etranje, epi veteran Lame Wouj yo te gen chans pou yo kanpe an liy nan Echanj Travay [biwo chomaj] la. Lidè revolisyonè yo, ki kantone enkongriman [iwonikman] nan Kremlin an oswa Otèl Luxe, tap gade avni an avèk apreyansyon. . . .

Sous: Sheila Fitzpatrick, *The Russian Revolution, Second Edition*, Oxford University Press, 1994

8 Dapre Sheila Fitzpatrick, kisa ki te **yon (1)** rezon kèk kominis te kwè NEP a pat rive chanje Larisi anba kominis Sovyetik la? [1]

Score

Dokiman 9

...Bò 1921, Lenin ak lidè Sovyetik yo te kanpe ak siksè kont ènmi domestik ak etranje yo, byenke revòlt peyizan yo te toujou ap fèt. Sepandan, yo te renye sou yon peyi avèk yon ekonomi dechire, ki anraje ak mekontantman, epi ki twomatize ak plizyè ane gè ak gè sivil. Ansanm, petèt 25–30 milyon moun te mouri anba gè ak maladi ki anrapò ak gè ant 1914 ak 1923. Epi menm yon pi gwo kantite te rete andikape definitivman ak blesi, maladi, ak grangou. Revolisyon entènasyonal yo te atann lan pat rive. Anplis, anpil espwa yo pou transfòmasyon sosyal ak kiltirèl la te rete dechire tou. Monn lan ke anpil moun te espere a te sanble byen lwen. Lidèchip la te fè fas ak yon gwo ansanm kesyon sou sa ki dwe fèt kounye a, sou ki kalite politik yo te bezwen pou trete avèk anpil pwoblèm peyi a tap fè fas. Jeneralman yo te dakò ke Nouvo Politk Ekonomik la te yon mezi tanporè, epi ke objektif iltim lan se te yon sosyete sosyalis, men yo pat konvni [te dakò] sou anpil lòt bagay, gen ladan konbyen tan NEP a tap dire oswa fason pou fè pou bati sosyete sa a. Lidè politik Inyon Sovyetik yo, vit san lidèchip Lenin lan (li te tonbe malad an 1922 epi li te mouri an Janvyè 1924), te lite ak repons pou kesyon sa yo atravè lit pou pouvwa ane 1920 yo ki te mennen nan monte Stalin sou pouvwa siprèm lan.

Sous: Rex A. Wade, *The Bolshevik Revolution and Russian Civil War*, Greenwood Press, 2001

9a Baze sou pasaj Rex A. Wade sa a, endike **yon (1)** fason Lenin ak lidèchip Sovyetik la te gen siksè nan revolisyon yo a. [1]

Score

b Baze sou pasaj Rex A. Wade sa a, endike **yon (1)** pwoblèm lidèchip Sovyetik la te fè fas apre revolisyon Lenin ak Sovyetik yo te mennen an pat rive satisfè bezwen pèp la. [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen **senk (5)*** dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Revolisyon Ris 1917 yo te rive akòz gouvènman an pat rive satisfè bezwen pèp li a. Kòm rezilta, moun yo ak gwoup yo te pran aksyon an repons ak echèk gouvènman yo. Kèk nan aksyon sa yo te mennen chanjman dezire yo epi lòt pat fè sa.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

- Diskite fason gouvènman Ris lan pat rive satisfè bezwen pèp li a
- Dekri aksyon moun *ak/oswa* gwoup yo te pran pou adrese echèk gouvènman yo nan Larisi
- Diskite nan ki mezi Larisi te chanje kòm rezilta Revolisyon Ris yo

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen **senk (5)*** dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

